



Apèl Dòf Nim. 0313

Sèvis Sante ak Sipò pou Moun Kap Viv ak HIV/Sida

Konte Miami-Dade ap solisite pwopozisyon pou bay finansman ki rezève pou rejyon metwopoliten sa-a atravè Lwa Pwolonjman Tretman HIV/SIDA Ryan White 2009, Pati A ak Inisyativ SIDA Minorite (MAI).

Yap rechèche ajans sèvis medikal ak sèvis de sipò, sektè piblik oswa prive (ki pa pou pwofi) ki genyen eksperyans, pou yo kapab desèvi popilasyon ti revni ekonomik, ki dezavantaje kap viv ak HIV/SIDA. Men sèvis ki nesèsè yo:

1) swen medikal nan klinik; 2) medikaman sou preskripsyon; 3) swen dantè; 4) jesyon pèsonèl chak ka medikal; 5) èd sikolojik pou dwoge – rezidansyèl; 6) èd sikolojik pou dwoge – nan klinik; 7) terapi/èd sikolojik sante mantal; 8) sèvis konsètasyon; 9) depo pwovizyon alimantè; 10) sèvis asirans medikal yo; 11) asistans legal; ak 17) kupon pou transpòtasyon.

Yo bezwen tou de ajans sektè piblik oswa prive (ki pa pou pwofi) ki gen eksperyans nan bay swen medikal ak sèvis de sipò pou yo bay tou de sèvis byen espesifik ki vize popilasyon ti revni ekonomik, minorite dezavantaje kap viv ak HIV/SIDA. Sèvis sa yo sèvi ak yon finansman diferan ki se federal Minority AIDS Initiative (MAI) resous: 1) swen medikal nan klinik; 2) medikaman sou preskripsyon yo; 3) jesyon pèsonèl chak ka medikal; 4) èd sikolojik pou dwoge – rezidansyèl; ak 5) sèvis konsètasyon.

Pati enterese yo ka jwenn kopi Apèl Dòf [Nim. 0313], kap disponib **apre 1:00 P.M., madi 29 me 2012** lè yo rele oswa vizite Biwo Jesyon ak Bidjè Konte Miami-Dade, Kowòdinatè Sibvansyon (MNB-GC), 111 NW 1st Street, 19èm Etaj, Miami, Florid 33128, (305) 375-4742 oswa telechaje tout dokiman yo sou sitwèb Kowòdinatè Sibvansyon Konte Miami-Dade la apre ke w fin enskri kòm pwopozitè potansyèl nan <http://www.miamidade.gov/grants/rfpNo0313-emailLogin.asp>. **Dat limit pou soumèt apèl dòf yo se 2:00 P.M. (lè lokal), vandredi 13 jiyè 2012 nan Miami-Dade County, Clerk of the Board of County Commissioners, 111 N.W. 1st Street, 17th Floor, Suite 202, Miami, Florida 33128-1983.**

Anvan yo asepte okenn apèl dòf, gen yon konferans kap fèt de 10:00 A.M. a midi jou jedi 7 jwi 2012 nan Miami-Dade Main Library, 101 West Flagler Street, Miami, Florid 33130. Yo mande pou tout moun asiste Konferans sa-a. Pou nou kapab asire pwosesis konpetisyon sa-a fèt san pati pri, Konte-a ap kapab reponn sèlman kesyon ki poze nan konferans kap fèt anvan apèl dòf la, epitou Konte a fèt pou li evite tout kominikasyon an prive ak kandida kap fè òf yo pandan peryòd preparasyon ak evalyasyon an. Apèl dòf (RFP) sa a sijè a Odonans Kòn Silans 02-3.

Konte Miami-Dade pa responsab okenn depans frè ke moun fè an rapò a reponn apèl dòf (RFP) sa-a, epitou li rezève dwa pou li modifiye ak pou li fè amannman sou orè delè-a si li ta panse li nesèsè e si li ta nan enterè Konte Miami-Dade. Konte-a egalman gendwa swa asepte oubyen refize kèlkeswa òf, pase sou nenpòt ki ti teknikalite oubyen iregilarite epi bay kontra yo dapre sa ki nan pi bon enterè Konte Miami-Dade.

Moun pou kontakte pou apèl dòf sa-a se Ms. Theresa Fiaño ak Mr. Daniel T. Wall nan (305) 375-4742 oswa nan fianot@miamidade.gov ou dtw@miamidade.gov.